

# Jwenn Kouvèti: Bagay pou konnen sou Mache Asirans Sante a

- **Health Insurance Marketplace® ede ou achte epi enskri nan kouvèti asirans ki adapte ak bezwen ou yo ak bidjè. Lè ou ranpli yon aplikasyon Mache, n ap di ou si w kalifye pou li:**
  - **Plan asirans prive.** Ou ka kalifye pou ekonomi, tankou yon kredi taks prim oswa rediksyon pri pataje, dapre gwose kay ou ak revni. Si ou pa kalifye pou ekonomi, ou ka toujou achte pwoteksyon Marketplace. Plan yo kouvri benefis sante esansyèl, kondisyon ki deja egziste, ak swen prevantif. Anjeneral, ou ka sèlman enskri nan youn nan plan sa yo pandan Peryòd Ouvèti Enskripsyon Anyèl la (1ye Novanm rive 15 Janvyè), sof si ou kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal akòz yon evènman lavi (tankou pèdi lòt kouvèti asirans, marye, demenaje, oswa fè yon tibebe) oswa dapre revni ou estime ou chak ane.
  - **Medicaid oswa Pwogram Asirans Sante pou Timoun (CHIP).** Pwogram sa yo ofri swen sante gratis oswa bon mache pou kouvri moun ki gen revni limite, andikap, ak lòt sikonstans. Si sanble ke ou kalifye, nou pral voye enfòmasyon ou bay ajans leta w la, epi yo pral kontakte w. Ou ka aplike epi enskri pou Medicaid ak CHIP nenpòt ki lè.
- **Vizite [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) pou aprann plis sou fason pou aplike pou kouvèti asirans Mache a.** Gen kèk eta ki itilize Mache ke gouvènman federal la dirije. Gen lòt ki dirije pwòp Mache yo. Kèlkeswa kote w ap viv, ou ka jwenn pwochen etap ou yo nan [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov).
- **Si ou kalifye pou asirans nan travay, ou ka konsidere pase nan yon plan Mache.** Men, ou pa kapab genyen tou de yon plan ki baze sou travay ak yon plan Marketplace ak ekonomi an menm tan. Si w pa enskri nan yon plan sou yon baz travay, men patwon w lan ofri w youn, ou p ap kalifye pou ekonomi plan Marketplace ki baze sou revni w sof si plan ki baze sou travay la pa abòdab oswa pa satisfè kondisyon minimòm yo. .
- **Si ou gen sèten evènman lavi (tankou demenaje nan yon nouvo eta, marye, fè yon timoun, oswa pèdi kouvèti asirans sante) oswa estimasyon revni ou tonbe nan yon sèten ranje, ou ka kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal pou w enskri oswa chanje plan Marketplace ou.** Mache a ka mande ou pou soumèt dokiman pou konfime evènman ou. Ou dwe voye kopi dokiman yo anvan ou ka kòmanse sèvi ak kouvèti ou.

Ou gen dwa pou ou resewva enfòmasyon sou Mache Asirans lan nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa ou tou pou soumèt yon plent si ou santi yo te fè diskriminasyon kont ou.

Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice)  
oswa rele 1-800-318-2596. Itilizatè TTY yo ka rele 1-855-889-4325.

## Health Insurance Marketplace

CMS Product No. 11749-HC (Haitian-Creole)  
August 2023

This product was produced at U.S. taxpayer expense.  
Health Insurance Marketplace® is a registered service mark of  
the U.S. Department of Health & Human Services.



[HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov)